



**DEPATMAN DLO POTAB AK EGOU MIAMI-DADE**  
**PWOJÈ WATÈ IJENIK KI KONSÈVE DLO (HET)**  
**FÒM APLIKASYON REZIDANSYÈL POU RANBOUSMAN**



**TANPRI RANPLI FÒM LAN NÈT**

Non Konpayi: \_\_\_\_\_  
 Nimewo Kont: \_\_\_\_\_ Tcheke  Youn:  Kay Endividyèl  Diplèks  Kondo  
 Non (ekri byen klè) \_\_\_\_\_  
 Telefòn Kay la: \_\_\_\_\_ Telefòn Lajounen: \_\_\_\_\_ Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_  
 Adrès Enstalasyon: \_\_\_\_\_ Zip Kòd: \_\_\_\_\_  
 Adrès Lapòs (si li diferan de kay la): \_\_\_\_\_ Zip Kòd: \_\_\_\_\_  
 Adrès Imel: \_\_\_\_\_

**ENFOMASYON FWAYE AN**

Konbyen twalèt nan kay la: \_\_\_\_\_ kantite moun nan kay la: \_\_\_\_\_ kantite watè ijenik kap ranplase: \_\_\_\_\_ Ane kay la te bati: \_\_\_\_\_  
 (Fèt pou se anvan 1996)

**ENFOMASYON WATE IJENIK – EGZIJIB POU TRAVAY SOU APLIKASYON AN**

**RANBOUSMAN WATÈ IJENIK HET** (Gade sou lis ki tache la-a pou jwenn ki watè ijenik ki kalifye – OKENN lòt pap aseptab.)

Nouvo Mak Watè Ijenik: \_\_\_\_\_ Pri Dach: \_\_\_\_\_  
 Non ak Nimewo Modèl la: \_\_\_\_\_ Èske w deja enstale Watè Ijenik HET w la \_\_\_\_\_

**AKO SOU RANBOUSMAN – RENONSE RESPONSABILITE**

Chèk ranbousman **jiska \$100** a va fèt sou non moun ki sou bòdwo dlo an. MDWASD ka refize nenpòt aplikasyon ki pa reponn a tout egzijans yo pou pwogram lan ke w kab li sou do fòm sa-a sou tit *Règlemantasyon ak Kondisyon Pwojè an pou Patisipan yo*. MDWASD rezève dwa pou li fè chanjman nan pwogram sa a nenpòt kilè. Yap ranbouse chak moun ki pot aplikasyon yo jiskaskè lajan pwogram lan fini. MDWASD rezève dwa pou fè chanjman nan finansman pwogram lan selon diskresyon li, epi okenn moun ki fè aplikasyon pou ranbousman va jwenn okenn garanti ke yap resevwa yon ranbousman.

Patisipan an ki siyen pi ba la a bay MDWASD dwa pou enspekte tout enstalasyon watè ijenik ki fèt kòm kondisyon pou jwenn yon ranbousman nan pwojè sa a. Lis Watè Ijenik Kalifye ke MDWASD pibliye pou Watè Ijenik Ki Konsève Dlo yo se tou senpleman pou pèmèt MDWASD etabli elijibilite pou yon ranbousman nan pwojè sa a epi li pa bay apwobasyon ni rekòmandasyon pou okenn watè ijenik ki sou lis la. MDWASD pa responsab kalite watè ijenik ki achte epi li pa garanti okenn watè ijenik, ni okenn aparèy sanitè ki fè pati yon watè ijenik, oswa enstalasyon okenn watè ijenik. MDWASD pa reprezante ke okenn watè ijenik patikilye bon pou enstale nan okenn lokal an patikilye, epitou li deklèn tout responsabite sou koze si watè ijenik bon oswa aseptab. MDWASD pa garanti ke bòdlo dlo w ap diminye paske w te patisipe nan Pwogram lan. MDWASD pa responsab okenn domaj ki fèt nan kay aplikan an nan retire ansyen watè ijenik oswa enstale nouvo watè ijenik pou pwojè sa a. Patisipan an ki siyen pi ba la a konprann ke enstalasyon watè ijenik la ka egzije yon pèmi konstriksyon ak nesosite pou anplwaye yon kontraktè ki gen pèmi. Pa gen anyen nan dokiman sa a ki ka anpeche Konte Miami-Dade ranfòse règleman ak kondisyon ki etabli nan okenn pati nan Kòd Lalwa Konte Miami-Dade yo, Kòd Konstriksyon Florid ak nenpòt pèmi ki te bay, oswa nenpòt lòt règleman, eta, odonans, oswa egzijans, epi pa gen okenn ranbousman kap bay pou travay ki te fèt an kontravansyon ak nenpòt nan règleman ki sòt mansyone yo. Moun ki siyen pi ba la sèl responsab pou pran pèmi ak anplwaye yon kontraktè ki gen lisans pou fè travay enstalasyon yo.

Patisipan ki siyen pi ba la a dakò pou li pa kenbe ni MDWASD, ni direktè, ofisye, ak anplwaye MDWASD yo responsab okenn pèt, domaj, depans ak responsabite legal pou sa ki konsène acha, enstalasyon, itilizasyon, oswa retire yon watè ijenik. Nan siyen fòm sa a, mwen deklare ke mwen li, konprann, ak dakò kondisyon yo pou ranbousman nan pwogram sa a, ki enklè seksyon Règleman ak Kondisyon Pwojè an pou Patisipan an ki sou do aplikasyon sa yo (gade nan do paj sa a).

**Mwen li epi konprann règleman yo nan Pwogram Ranplasman Watè Ijenik yo jan yo ekri nan Livrè Reglemantasyon Pwogram lan. Mwen byen konprann ke se pou mwen jete tout watè ijenik yo ranplase yo pou yo pa itilize yo ankò.**

Siyati Aplikan: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

## **Règlemantasyon ak Kondisyon Pwojè an Pou Patisipan yo**

1. Tout patisipan yo asepte yon enspeksyon enstalasyon watè ijènèk fèt lakay yo anvan yo resevwa yon ranbousman.
2. Fòk kay la te bati anvan 1996.
3. Pwojè an ap ranbouse jiska de (2) watè ijènèk pou chak kay.
4. Ranbousman yo ap fèt depre moun ki vin anvan se yo kap sèvi jiskaske fon lajan an fini. Pwogram lan la toutotan gen fon disponib epi MDWASD rezève dwa pou li fè chanjman nan fon finansman pwogram lan oswa nan kondisyon yo nenpòt kilè san avèti. MDWASD pa garanti ke ap gen ase lajan nan pwogram lan pou ranbouse tout moun ki ranplase watè ijènèk yo.
5. MDWASD rezève dwa li pou li derefize yon aplikan patisipasyon si li pa ranpli kritè ki etabli la-a pou pwogram lan.
6. Sèl watè ijènèk ki konsève dlo (HET) ki sou lis UNAR la kalifye pou ranbousman. Nimewo modèl ki sou watè ijènèk ki achte a(yo) fèt pou sou Lis UNAR pou Watè Ijènèk Kalifye nan jou acha-a te fèt la. Yo pap asepte okenn lòt kalite watè ijènèk nan pwojè sa-a.
7. Watè ejènèk kalifye yo fèt pou enstale an kòfòmite ak tout lwa, òdonans, ak kòd konstriksyon aplikab yo anvan soumèt aplikasyon pou ranbousman an.
8. Watè ijènèk kalifye yo fèt pou enstale anvan soumèt aplikasyon pou ranbousman nan.
9. Aplikasyon pou Ranbousman fèt pou date anvan 60 jou de dat watè ijènèk lan te achte.
10. Watè ijènèk apwouve yo fèt pou enstale nan Konte Miami-Dade.
11. Kopi orijinal resi lavant lan ak dat acha-a sou li pou nouvo watè ijènèk lan (tank ak bòl) fèt pou soumèt ansanm ak aplikasyon yo.
12. Aplikasyon ki pa ranpli tout kondisyon yo ak sa ki pa gen resi lavant ak dat original yo ap jwenn refi.
13. Nimewo Kont Bòdwo Dlo aplikan an fèt pou sou aplikasyon an ak non konpayi dlo ki desèvi kay la.
14. Montan ranbousab la aplike a acha watè ijènèk (tank ak bòl) ki apwouve yo sèlman.
15. Nouvo konstriksyon yo pa ka patisipe pou ranbousman.
16. MDWASD pa responsab ranbousman ki pèdi lapòs oswa ki rive an reta. Yap konsidere ke aplikan an resevwa ranbousman an yonfwa ke MDWASD poste li voye bay aplikan an.
17. Non aplikan an fèt pou menm ak non ki sou bòdwo dlo ki nan dosye kliyan an.

### **FOR MDWASD – OFFICE OF WATER-USE EFFICIENCY ONLY**

Application Received: \_\_\_\_\_

Application Approved: Yes \_\_\_\_\_ No \_\_\_\_\_

Certified by: \_\_\_\_\_  
Water Conservation Manager

Poste Aplikasyon an bay: Miami-Dade Water and Sewer Department  
Office of Water Use Efficiency  
3071 SW 38 Avenue  
Miami, FL 33146